**दिन–मंगलवार** **दिनांक–23.12.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

भारतीय जनता पार्टीक राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष नितिन नबीन आइ पटना मे रोड शो कएलनि। श्री नबीनक रोड शो पटना हवाई अड्डा सँ शुरू भेल आओर वीरचंद पटेल पथ स्थित मिलर हाई स्कूल पर समाप्त भेल। एकर पश्चात स्कूल मैदान मे आयोजित समारोह मे श्री नबीनक नागरिक अभिनंदन कएल गेलनि। एहि सँ पहिने, हवाई अड्डा पहुँचलाक उपरांत मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आओर विजय कुमार सिन्हा व पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी कार्यकारी अध्यक्षक स्वागत कएलनि। कार्यक्रम मे कतेको केन्द्रीय मंत्री, पार्टीक वरिष्ठ पदाधिकारी, सांसद आओर विधायक समेत कतेको वरिष्ठ नेता लोकनि शामिल भेलाह। पटना जिला प्रशासन रोड शोक दरमियान यातायात व्यवस्था परिवर्तित कएने रहल। वीरचंद पटेल पथ समेत बेली रोड पर वाहनक परिचालन प्रतिबंधित कएल गेल छल। वैकल्पिक मार्ग सभ सँ यातायात परिचालन कएल जा रहल छल।

भाजपाक राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष नितिन नबीन कहलनि अछि जे अगिला पाँच वर्ष मे बिहार विकासक नव आयाम तय करत। पटना मे नागरिक अभिनंदन समारोहक कैँ सम्बोधित करैत श्री नबीन कहलनि अछि जे अबैवला दिन सभ मे बिहार मे बेसी सँ बेसी निवेश आओर रोजगारक अवसर बढ़त।

---

प्रदेशक अधिकतर भाग सभ मे जबरदस्त ठंढा पड़ि रहल अछि। कुहेसक कारणे जनजीवन सेहो प्रभावित भऽ रहल अछि। मौसम विभागक अनुसार अधिकतम आ न्यूनतम तापमानक बीच अंतर अत्यंत कम भऽ जयबाक कारणे कनकनीक प्रकोप बढ़ि गेल अछि। पछिला चौबीस घंटाक दरमियान गया राज्यक सभ सँ ठंढ़ा स्थान रहल। जाहि ठामक न्यूनतम तापमान सात दशमलव आठ डिग्री सेल्सियस दर्ज कएल गेल। आई भोरे पटना समेत एकतीस जिला सभ मे अत्यंत घनगर कुहेस पसरल रहल। एम्हर, पटना, अरवल, औरंगाबाद, बेगूसराय, भोजपुर, बक्सर, गया, जहानाबाद, कैमूर, लखीसराय, नालंदा, नवादा, रोहतास आ

शेखपुरा जिला मे भरिदिन ठंढ़ाक स्थिति बनल रहल। मौसम विभाग कहलक अछि जे अगिला तीन सँ चारि दिनक दरमियान राज्यक अधिकांश हिस्सा सभ मे कोल्ड डे कऽ स्थिति बनल रहत।

———————————————————————————————

अत्यधिक ठंढ़ा आओर शीतलहर सँ बच्चा सभक स्वास्थ्य पर पड़ि रहल प्रतिकूल प्रभाव कँ देखैत पटना जिला प्रशासन आठम कक्षा तक सभ स्कूल कँ छब्बीस दिसम्बर धरि बंद रखबाक आदेश जारी कएलक अछि। ओतहि, लखीसराय मे चारि जनवरी दू हजार छब्बीस धरि कक्षा आठम तक शैक्षणिक गतिविधि सभ कँ प्रतिबंधित कऽ देल गेल अछि। एहि दरमियान कक्षा नओ आओर ऊपरक कक्षा सभक शैक्षणिक गतिविधि पर्याप्त सावधानीक संग जारी राखल जा सकैत अछि।

———————————————————————————————

घनगर कुहेसक कारणें दृश्यताक स्तर कम भऽ गेला सँ रेल, सड़क आओर हवाई यातायात प्रभावित भेल अछि। पटना, दरभंगा आओर पूर्णियां हवाई अड्डा सँ कतेको नियमित उड़ान सभ कँ रद्द कऽ देल गेल अछि। ओतहि, कतेको विमान सभक परिचालन परिवर्तित समय मे भऽ रहल अछि। एम्हर, कुहेसक कारणें लंबा दूरीक कतेको रेलगाड़ी सभ विलंब सँ चलि रहल अछि।

———————————————————————————————

राष्ट्रीय किसान दिवस आइ देश–प्रदेश मे समारोहपूर्वक मनाओल जा रहल अछि। एहि दिन ग्रामीण मुद्दा सभकँ बुझएवला आओर किसानक कल्याणक लेल अपन जीवन समर्पित करएवला पूर्व प्रधानमंत्री चौधरी चरण सिंहक जयंतीक उपलक्ष्य मे मनाओल जाइत अछि। एहि अवसर पर पटना स्थित भारतीय कृषि अनुसंधान परिषदक पूर्वी अनुसंधान परिसर मे, आइ सँ दू दिवसीय किसान मेला–सह–राष्ट्रीय संगोष्ठिक आयोजन कएल जा रहल अछि। कृषि मंत्री रामकृपाल यादव एकर उद्घाटन करताह। मेला मे एक हजार सँ बेसी किसान लोकनिक शामिल होइबाक संभावना अछि।

एम्हर, वैशाली जिलाक हरिहरपुर स्थित कृषि विज्ञान केन्द्र मे सेहो किसान दिवस कार्यक्रमक आयोजन कएल जा रहल अछि।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी किसान दिवसक अवसर पर सोशल मीडिया पर एकटा वीडियो साझा करैत किसान लोकनि कैँ प्राकृतिक खेती करबाक सलाह देलनि अछि। श्री मोदी लगभग तीन मिनटक एहि वीडियों मे दलिहनक खेती करएवला किसान कृष्ण कुमारक संग बातचीत मे एहि खेती के बढ़ावा देबा पर जोर देलनि अछि। अपन सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री मोदी पीएम फसल बीमा योजना, किसान सम्मान निधि आओर धन धान्य योजनाक सेहो चर्चा कएलनि अछि।

---

सिख पंथक दसम आओर अंतिम गुरू – गुरू गोविंद सिंहजी महाराजक तीन सय उनसइठम प्रकाश पर्वक तैयारी सभ जोर पर अछि। प्रकाश पर्वक मुख्य समारोह सत्ताईस दिसम्बर कैँ श्री हरिमंदिर पटना साहिब मे आयोजित कएल जाएत। एहि दरमियान सिख संगत सभ आइ पटना साहिब गुरूद्वारा सँ प्रभातफेरी निकाललक। एम्हर, प्रशासन प्रकाश पर्वक दरमियान सुरक्षा व्यवस्था कड़ा कऽ देलक अछि। पटनाक आईजी जितेन्द्र राणा आइ गुरूद्वारा प्रबंधक कमिटीक अधिकारी सभक संग सुरक्षा व्यवस्थाक समीक्षा बैसार कएलनि। ओ बतएलनि जे प्रकाश पर्वक दरमियान श्रद्धालु सभ कैँ कोनो तरहक दिक्कत नहिं हो एहि के लऽकऽ यातायात व्यवस्था कैँ सेहो सुचारू कएल जा रहल अछि।

---

ग्रामीण विकास मंत्री श्रवण कुमार कहलनि अछि जे मुख्यमंत्री स्वरोजगार योजनाक तहत एक करोड़ छप्पन जीविका दीदी सभक खाता मे दस–दस हजार टाकाक राशि पठाओल गेल अछि। पटना मे विभागीय समीक्षा बैसारक उपरांत पत्रकार सभ सँ बातचीत करैत श्री कुमार बतएलनि जे भविष्यक आकलन कऽ चयनित दीदी सभ कैँ रोजगार विस्तारक लेल दू–दू लाख टाकाक राशि सेहो देल जायत।

---

समाप्त भेल।